

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pedaran dina Bab IV ieu, panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 saméméh ngagunakeun modél *Direct Instruction* kagolong can mampuh, rata-ratana 34. Katitén dina aspék wirahma/témpo kagolong kana kurang, rata-ratana 2 hartina loba anu salah. Dina aspék artikulasi kagolong kana kurang, rata-ratana 2 hartina loba anu salah. Jeung aspék lentong kalimah kagolong kurang pisan, rata-ratana 1 hartina réa pisan kasalahan. Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 sabada ngagunakeun modél *Direct Instruction* kagolong mampuh, rata-ratana 70. Katitén dina aspék wirahma/témpo kagolong kana hadé, rata-ratana 4 hartina loba nu bener. Dina aspék artikulasi kagolong kana hadé, rata-ratana 4 hartina loba nu bener. Jeung aspék lentong kalimah kagolong sedeng, rata-ratana 3 hartina geus bener tapi aya kénéh anu salahna.
- 2) Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 saméméh teu ngagunakeun modél *Direct Instruction* kagolong can mampuh, rata-ratana 30. Katitén dina aspék wirahma/témpo kagolong kana kurang, rata-ratana 2 hartina loba anu salah. Dina aspék artikulasi kagolong kana kurang, rata-ratana 2 hartina loba anu salah. Jeung aspék lentong kalimah kagolong kurang pisan, rata-ratana 1 hartina réa pisan kasalahan. Kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 sabada teu ngagunakeun modél *Direct Instruction* kagolong can mampuh, rata-ratana 54. Katitén dina aspék wirahma/témpo kagolong kana sedeng, rata-ratana 3 hartina geus bener tapi aya kénéh anu salahna. Dina aspék artikulasi kagolong kana sedeng, rata-ratana 3 hartina geus bener tapi aya kénéh anu salahna, jeung aspék lentong kalimah kagolong sedeng, rata-ratana 3 hartina geus bener tapi aya kénéh anu salahna.

- 3) Aya ningkatna kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 sabada ngagunakeun modé尔 *Direct Instruction* tina can mampuh (34) jadi mampuh (70). Ieu hal katitén dina aspék wirahma/témpo kagolong “kurang, maca warta kalayan wirahma/témpo nu salah” (2) ningkat jadi kagolong “hadé, maca warta kalayan wirahma/témpo nu bener” (4). Aspék artikulasi kagolong “kurang, maca warta kalayan artikulasi nu salah” (2) ningkat jadi kagolong “hadé, maca warta kalayan artikulasi nu bener” (4). Aspék lentong kalimah kagolong “kurang pisan, maca warta kalayan lentong kalimah nu réa kasalahan” (1) ningkat jadi kagolong “sedeng, maca warta kalayan lentong kalimah nu bener, aya kénéh nu salah” (3). Ku kituna, bisa dicindekkeun yén kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 sabada ngagunakeun modé尔 *Direct Instruction* aya peningkatan.
- 4) Aya bédana anu signifikan kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020 ngagunakeun modé尔 *Direct Instruction* jeung teu ngagunakeun modé尔 *Direct Instruction*. Ieu hal katitén tina hasil uji hipotésis ngahasilkeun 0,00 kurang ti 0,05 atawa Ha ditarima. Hartina, aya bédana anu signifikan kamampuh maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang. Cindekna, modé尔 *Direct Instruction* éfektif digunakeun dina pangajaran maca warta siswa kelas VIII SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2019/2020.

## 5.2 Implikasi

Modé尔 *Direct Instruction* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh maca warta miboga implikasi yén ieu modé尔 pangajaran téh ditarima ku siswa. Nalika prak-prakanna ieu modé尔 ngirut jeung dipikaresep ku siswa. Ngagunakeun konsep latihan sacara di aping ku guru jeung latihan mandiri tibatan ngagunakeun perlakuan anu monoton dimana siswa ukur dititah ngeregepkeun materi anu ditepikeun ku guru, tuluy ditilah ngadémonstrasikeun maca warta anu satulunya dikoréksi ku babaturan sorangan. Salian ti éta nalika prak-prakanna ngagunakeun ieu modé尔 siswa anu cicingeun jadi leuwih aktif jeung teu éraan deui.

### 5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan anu dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi sangkan panalungtikan anu salajengna bisa leuwih hadé sarta aya kamajuan dina proses diajar ngajar, saperti ieu di handap.

- 1) Modél *Direct Instruction* éféktif digunakeun dina pangajaran maca warta. Ku kituna, ieu modél *Direct Instruction* bisa dijadikeun alternatif pikeun guru dina pangajaran maca warta.
- 2) Ieu panalungtikan ngeunaan modél *Direct Instruction* ngagunakeun metodé study éksperimén. Ku kituna, kudu aya deui panalungtikan séjén sangkan leuwih lega ngeunaan modél *Direct Instruction* nyaéta ngagunakeun métode PTK.